

Rezime: Règleman Final la Mete Anplas Atik 1557 Affordable Care Act

Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Sèvis Sante ak Sèvis pou Moun nan) fè sòti Règleman Final ki mete anplas entèdiksyon diskriminasyon dapre Atik 1557 Affordable Care Act (ACA, Lwa sou Swen Sante ki Abòdab) 2010 la. Règleman Final pou *Nondiscrimination in Health Programs and Activities* (Konbat diskriminasyon nan Pwogwam ak Aktivite lasante) a pwal ede ranfòse ekite epi redwi gwo diferans ki genyen nan konteks swen sante, lè I pwoteje kèk nan popilasyon ki te pi vilnerab pa rapò ak diskriminasyon yo. Règleman final la ekplike ki dwa lwa sa bay konsomatè yo epi tou li enstitisyon ki konsène yo oryantasyon ki enpòtan konsenan devwa yo.

Atik 1557 la entèdi diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, oswa andikap nan sèten pwogram ak aktivite sante.

Atik 1557 la konstwi sou lwa pou dwa civil ki la depi lontan e ki komen: Nimewo VI, Civil Rights Act (Lwa sou Dwa Sivil) ane 1964, Nimewo IX Amandman Lwa Edikasyon 1972 (Nimewo IX) la, Atik 504 Rehabilitation Act (Lwa sou Reyabilitasyon) 1973 ak Age Discrimination Act (Lwa sou Diskriminasyon Laj) ane 1975. Reyèlman, Atik 1557 la se premye lwa dwa civil ke gouvènman Federal la fè sòti, ki entèdi diskriminasyon ki baze sou sèks nan tout pwogram ak aktivite lasante ki resevwa asistans finansye Federal.

Atik 1557 la te kòmanse aplike depi lè ACA la te sòti nan lane 2010 e lè Office for Civil Rights (OCR, Biwo Dwa Sivil) HHS la te aplike pwovizyon an depi lè li te plibliye a.

Sa Règleman an Kouvri

Règleman an kouvri:

- Tout pwogram sante oswa aktivite sante, ki resevwa finansman nan men HHS, (tankou lopital ki aksepte Medicare, oswa doktè ki aksepte Medicaid);
- Tout pwogram sante ke HHS li menm jere.
- Akò Asirans Sante ak konpayi asirans ki patisipe nan Akò sa yo.

Pwoteksyon ki konsène règleman an

Atik 1557 la konstwi sou lwa pou dwa civil Federal ki te la anvan pou entèdi diskriminasyon ki baze sou sèks nan swen sante. Règleman final la egzjije pou yo trete fi menm jan ak gason nan swen sante y ap resevwa e li entèdi tou, refi pou bay swen sante oswa asirans sante sou baz sèks yon moun ki enkli diskriminasyo akoz gwosès, idantite seksyèl ak kategori sèks. Règleman final la egzije pwogram ak aktivite sante yo tou pou yo trete moun selon idantite seksyèl yo.

Pou moun ki andikape yo, règleman final la egzije enstitisyon ki konsène yo pou yo rann enfòmasyon sou tout pwogram ak aktivite sante yo disponib pa vwa elektwonik ak enfòmatik. pou asire aksè fizik nan etablisman ki fèk konstwi oswa ki modifie yo; epi pou bay lòt èd ak sèvis pou moun ki andikape yo. Yo entèdi enstitisyon ki konsène yo tou pou yo aplike pratik marketing oswa ofri benefis ki fè diskriminasyon sou baz enfimite ak lòt pwen ki entèdi yo.

Enstitisyon ki konsène yo dwe adopte mezi ki rezonab pou bay aksè ki enpòtan a chak moun ki pa pale Anglè twò byen ki elijib pou yo sèvi oswa ki gen chans pou fè pati pwogram ak aktivite sante yo. Anplis, yo ankouraje antite ki konsène yo pou yo devlope epi mete an pratik plan pou fasilité komunikasyon.

Règleman final nan Atik 1557 la pa enkli yon egzanpsyon reliye; men, règleman final la pa deplase pwoteksyon pou libète reliye ak konsyans ki egziste deja yo.

Obligasyon Pwosedi yo

Règleman final ki etabli Atik 1557 la egzije enstitisyon ki konsène ki genyen 15 oswa plis anplwaye yo pou yo genyen yon pwosedi pou pote plent ak yon kowòdonatè pou konfòmite. Règleman final la enkly yon aneks ki bay yon modèl doleyans pou enstitisyon ki konsène yo. Enstitisyon ki gen mwens pase 15 anplwaye yo pa oblige gen yon pwosedi pou pote plent oswa yon kowòdonatè pou konfòmite.

Règleman final la egzije enstitisyon ki konsène yo afiche avi kont diskriminasyon ak slogan ki alète moun ki pa pale anglè twò byen yo ke gen sèvis asistans lang ki disponib. Pou redwi chaj ak depans yo, OCR te tradwi nan 64 lang yon echantyon avi kont diskriminasyon ak slogan pou enstitisyon ki konsène yo itilize. Pou w jwenn materyèl ki tradwi yo, ale sou www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557/translated-resources/index.html.

Règleman final la egzije chak enstitisyon ki konsène pou afiche slogan nan omwen 15 lang yo pale Ozetazini ki pa anglè nan Eta kote enstitisyon an sitiye oswa kote l ap fè biznis lan. Egzijans sa yo chanje pou ti komunikasyon ki enpòtan tankou kat postal; pou sa yo, règleman final la egzije enstitisyon yo afiche yon avi ak slogan nan omwen de nan lang ki pa anglè, moun ki pa pale anglè twò byen yoki plis pale.

Aplikasyon

Mekanis aplikasyon ki egziste dapre Nimewo VI, Nimewo IX, Atik 504 ak Age Act (Lwa sou Laj) pou redrese vyolasyon Atik 1557 la. Mekanis sa yo genyen ladan yo: sa ki egzije enstitisyon ki konsène yo kenbe dosye epi soumèt rapò aplikasyon bay OCR la, fè revizyon pou konfòmite ak ankèt sou plent yo epi bay èd ak oryantasyon teknik.

Kote ki pa konfòme oswa ki menase pou pa konfòme ak mekanis yo e ki pa ka korije, mekanis aplikasyon ki disponib yo pèmèt sispansyon, fen oswa refi pou akòde oswa kontinye èd finansye Federal la; sezi nan Department of Justice (Ministè Jistis) la ak yon rekòmandasyon pou angaje pouswit legal pou fè respekte tout dwa Etazini; e nenpòt lòt mwayen lalwa otorize. Règleman final la rekonèt tou ke yon moun ka fè yon pouswit aksyon sivil pou konteste yon vyolasyon Atik 1557 la.

Repons a Kòmantè sou Règleman ki Pwopoze ki Reflete nan Règleman Final la

- Diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl: Alòske règleman final la pa rezoud kesyon pou konnen si diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl yon moun sèlman, se yon fòm diskribinasyon seksyèl dapre Atik 1557 la, règleman an rann li klè ke OCR ap evalye plent ki pwoteste kont diskriminasyon seksyèl ki lye ak oryantasyon seksyèl yon endividé pou detèmine si yo genye kategori diskriminasyon Atik 1557 la ka abòde yo. HHS la apiye entèdiksyon diskriminasyon kont oryantasyon seksyèl kòm yon kesyon politik e l ap kontinye kontwole developman legal konsènan pwoblèm sa.

- Pa gen nouveau egzanpsyon relije: Règleman ki pwopoze a te soulve kòmantè pou konnen si ta dwe genyen yon egzanpsyon pou òganizasyon relije yo nan sikonstans kote obligasyon kont diskriminasyon yo gen konfli ak kwayans relije yo. Jan li note anwo a, règleman final nan Atik 1557 la pa enkli yon egzanpsyon relije; men, règleman final la pa deplase pwoteksyon pou libète relije ak konsyans ki egziste deja yo.
- Konsepsyon benefis nan plan asirans sante yo: OCR te resevwa kòmante ke konpayi yo ta bezwen tan pou konfòme ak egzijans ki entèdi diskriminasyon nan konsepsyon benefis yo. Règleman final la detèmine ke ka kote pwovizyon règleman an egzije chanjman nan konsepsyon asirans sante oswa nan benefis plan sante gwoup yo, pwovizyon sa gen yon dat aplikasyon premye jou nan ane premye plan an (nan ane politik akò endividyle la) apati de oswa apre 1^e janvye 2017.
- Plent kont Third-Party Administrators (TPA, Lòt Administratè): Règleman ki pwopoze a avize ke kote yon enstitisyon aji antanke TPA (Lòt administratè) pou yon plan, OCR t ap angaje nan yon analiz ka pa ka pou detèmine rapò a dapre Atik 1557 la. Règleman final la deklare ke OCR ap ankete TPA A lè diskriminasyon yo pwoteste kont yo a nan administrasyon plan an; kote diskriminasyon yo pwoteje kont yo a nan konsepsyon benefis la, OCR ap ap aplike plent lan kont anplwaye/plan patwosine a epi l ap refere pwoblèm nan an jeneral bay Equal Employment Opportunity Commission (EEOC, Comisyon pou Opòtinite Travay ki Egal si OCR manke jiridikson sou anplwayè a.
- Nòm pou pwogram menm sèks yo: Règleman ki pwopoze yo te soulve kòmante sou nòm pou evalye pwogram sante menm sèks yo. Règleman final la otorize pwogram sa yo sèlman kote yon enstitisyon ki konsène gen yon jistifikasyon ki konvenkan anpil.
- Aksè pou Lang: Yo ankouraje antite ki konsène yo pou yo devlope yon plan pou facilite komunikasyon.

Pou plis enfòmasyon konsènan Atik 1557 la, ki enkli fich enfòmasyon sou pwofizyon kle ak kesyon yo poze souvan yo, ale sou www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557.